



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON YON PWOJÈ REZISTANS 2.5 MILYON DOLA NAN KONTE JEFFERSON

Mezi pwoteksyon kont inondasyon ki egzekte sou wout Brown Shore nan Sackets Harbor fè pati inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik Gouvènè Cuomo a

Amelyorasyon yo garanti aksè nan rezidans yo ak ranfòse sekirite

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kòmansman konstriksyon pou yon pwojè ki te resevwa 2.5 milyon dola sibvansyon nan [Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik](#) nan Vilaj Sackets Harbor, Konte Jefferson. Pwojè a chèche rezoud domaj inondasyon sou Wout Brown Shore la, ki espesyalman vilnerab akòz pwoksimite li nan fen pati lès Lak Ontario a. Inondasyon 2019 la kite 12 pous dlo dòmi sou wout la, ki rann Wout Brown Shore la enpratikab ak lakòz yon fèmti tanporè sou wout la.

"Pwogram REDI a se yon testaman konsènan sa yo ka reyalize lè gouvènman Eta a ak lokal yo travay ansanm", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè sa a se yon lòt egzanp angajman kontinyèl nou pou revitalizasyon ak rezistans. Pwojè REDI yo ki ankou nan Konte Jefferson lan pral ede asire nou prepare pou nenpòt bagay Manman Lanati voye sou wout nou pandan n ap rekonstwi pi byen ke anvan."

Mezi rediksyon ki pwopoze nan pwojè a pral gen ladan:

- Elve wout la jiska 18 pous
- Enstale estabilizasyon sou rivaj la

"Kominote bò dlo yo nan tout Lak Ontario a te fè fas ak gwo defi nan ane resan yo, men New York ap montre chemen an pou ede yo rekonstwi pi byen, pi entèlijan ak pi rezistan", **Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare.** "Priyorite prensipal nou se pwoteje moun k ap viv nan kominote sa yo epi pwojè Wout Brown Shore nan Sackets Harbor pral ranfòse sekirite piblik ak garanti ke aksè sou otowout la ak nan rezidans toupre yo pa gen entèripsyon alavni."

Komisè NYSDOT, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Lè kominote ki bò lak nan North Country yo te bezwen èd, Gouvènè Cuomo ak Komisyon REDI a te tande ak aji. Dènye pwojè sa a n ap kòmanse jodi a pa pral sèlman ranfòse enfrastrikti transpò

nan Sackets Harbor men pral ede pwoteje rezidan ak biznis yo tou kont inondasyon alavni. Nou kontinye rekonstwi pi byen nan chak pwojè nou fè sou rivaj Lak Ontario yo".

Wout Brown Shore la se yon wout lokal ki gen de vwa epi se sèl wout aksè nan pati rivaj la. Konstriksyon ki pwopoze a pral pwoteje enfrastrikti enpòtan yo kont depredasyon ak deranjman nan itilizasyon, sa ki ap ranfòse sekirite piblik ak aksè nan rezidans yo.

Senatè Patty Ritchie te deklare, "Nenpòt moun ki te vwayaje sou Wout Brown Shores la pandan evènman inondasyon san parèy yo nan ane 2017 ak 2019 konnen kijan pwojè sa a enpòtan pou kominote Sackets Harbor. Elve Wout Brown Shores la ak estabilize chose a pral ede pwoteje sekirite rezidan yo ak lòt moun ki itilize wout la. Mwen kontan wè pwojè sa a ap vanse epi mwen konnen li pral yon eleman enpòtan pou tout efò k ap fèt pou rekonstwi pi djanm apre dènye gwo inondasyon nan rejyon nou an".

Manm Asanble Mark Walczyk te deklare, "Inondasyon nan Rivyè St. Lawrence ak Lak Ontario a afekte anpil moun, sòti nan Lisbon pase nan Hammond, Alexandria rive nan Sackets Harbor. Pandan nou te evite yon bal ane sa a, li klè ke nou bezwen rafèmi rivaj nou an ak konstwi pi djanm pou lite kont evènman gwo dlo yo alavni. Mwen vle remèsye Gouvènè a ak ekip li a dèske yo te rekonèt nesosite pou bay èd nan anpil nan kominote bò rivyè ak lak nou yo. Pwojè sa a sou Wout Brown Shores la pral ede kenbe kominote a an sekirite ak pwoteje enfrastrikti ki egziste nan Sackets Harbor pou plizyè ane alavni".

Prezidan Lejislatif Konte Jefferson, Scott Gray, te deklare, "Pwojè Wout Brown Shore la se esans yon pwojè rezistans kote New York ap investi ak konstwi pi byen nan yon efò pou redui efè gwo dlo yo pou asire wout la aksesib pou rezidan yo ak veyikil repons dijans yo epi minimize depans rediksyon alavni yo".

Majistra Vilaj Sacket Harbor, Eric Constance, te deklare, "Vilaj la fyè pou fè patenarya ak Eta New York ak Komisyon REDI Gouvènè a pou rezoud pwoblèm ewozyon sou Wout Brown Shore la. Mezi rediksyon ki gen pou egzekite yo esansyèl pou anpeche lòt domaj inondasyon sou wout la epi pral evite entèripsyon nan itilizasyon ouo rezidan Sackets Harbor yo fè".

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Gouvènè Cuomo te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote bò rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Komisyon REDI a te atribye 20 milyon dola pou bay pwopriyete kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezistans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ke chak nan uit konte nan

rejyon REDI yo ap benefisye. Yo te atribiye balans 235 milyon dola ki rete a, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè vanse epi montre egzanp misyon REDI a.

Anba enstriksyon Gouvènè Cuomo, Komisyon REDI a te vizite zòn ki te frape anpil anba inondasyon Lak Ontario yo epi li te travay avèk kominote lokal yo pou vini avèk yon nouvo vizyon pou bò rivaj la nan yon pwendvi ki chita alafwa sou rezilyans ak devlopman ekonomik dekwa pou rebati pi byen ak pi solid alavni. Yo te devlope yon pake aksyon - ki soti nan chanjman lejislatif pou rive nan pake èd yo, mezi egzekitif yo - ki pral kapab reziste kèlkeswa sa Manman Lanati (Mother Nature) genyen an rezèv. Yon pati nan plan sa a enkli fason pou andisi establishman piblik ak amelyore karakteristik natirèl tankou rivaj vivan ak ranplisaj sab sou rivaj Lak Ontario an.

Pwojè wout Brown Shore la se youn nan twa pwojè ki te jwenn pri nan Vilaj Sackets Harbor atravè inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik Gouvènè a. Gen lòt pwojè ki pwograme pou kòmanse an 2021.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)